



Fon pou Rebati Ayiti

Yon travay men nan men ant Gouvènman Peyi D Ayiti ak Kominote Entènasyonal la



BILTEN ENFÒMASYON TRIMESTRIYÈL FRH / No 8: IVÈ 2013



Distribisyon kit skolè bay timoun nan twazyèm ane lekol Jak 1^{er} nan Sarazin - Koutwazi BID

MEN SA POU NOU KENBE

- FRH pwopoze epi ap tann apwobasyon Gouvènman an sou lide pou li vin tounen yon mekanis pou finanse lòt kalite èd pou Ayiti ki pa menm ak pwojè rekonstriksyon yo. Pwopozisyon sa a fèt sou demand Komite Pilotaj FRH la.
- FRH te dekese yon finansman total 17 milyon dola, pi fò ladan se pou sektè lanviwònman (Pwogram pou Devlòpman Dirab nan Sidès ak kesyon Pak Makaya a ki chita nan Pwojè bese Risk ak Dezas nan depatman Sid).
- 103,000 kit skolè te distribye nan mwa Oktòb-Novem 2013 epi 70,000 élèv lekòl pral resevwa bous pou lane skolè 2013-14 la.
- 25,000 fanmi te benefisyé nan pwojè met yon alemye nan katye nan Pòroprens yo.
- Travay bati twa (3) lètri ak sant sèvis yo prèt pou fini nan Kòtdefè, Tòbèk ak Tomazo. Yo prevwa fè inogirasyon an nan mwa Janvye 2014.
- Yo te dekese 182 milyon dola pou pwojè FRH finanse yo, sa ki reprezante plis pase 62% nan lajan ki te apwouve pou pwojè yo.

Nap swete ou byenvini nan uityèm nimewo bilten trimestriyèl FRH la. Objektif nou se kenbe ou okouran sou kijan FRH ap pote kole nan pwoesis rebati Ayiti. Bilten sa a parèt twa fwa nan lane a epi li vin konplete rapò anyel FRH la ki parèt lan mwa jiyè. Nou swete resevwa reyakson ak kòmantè ou.

KISA KI LAN BILTEN SA A

Gouvènans FRH	p.2
Fokis sou bayè yo : Ostrali	p.2
Fokis sou Anviwònman	p.3
Fokis sou Rezilta pwojè yo	p.5
FRH an chif	p.6
Lafanmi FRH : Sekretarya	p. 7

Pandan premye trimès sa a, nou te devlope yon senaryo epi brase lide sou li ak patnè nou yo. Senaryo sa a prevwa kisa FRH pral tounen dapre kondisyon sila yo:

- Pou mete an aplikasyon desizyon Gouvènman an ak Komite Pilotaj la, wòl FRH la te kapab revize epi vin pran plis ekstansyon menm jan tou FRH te kapab vin tounen yon mekanis pou finanse lòt kalite èd pou Ayiti ki pa menm ak pwojè rekonstriksyon yo.
- Sekretarya FRH la tap gen pou l bese kantite anplwaye li yo ansanm ak sa li gen pou l fè, li tap sèlman prepare yon gress rapò chak lane epi bay sipò li nan mobilizasyon lòt mwayen yo. Li pap gen pou l prepare reyinyon Komite pilotaj la ankò, non plis òganize aktivite komunikasyon yo oswa ede nan devlopman pwojè yo pou lòt aktivite.
- Ajan Fidisè a ap gen pou l kontinye fè sa li gen pou l fè yo, sa vle di resevwa, transfere ak prepare rapò sou kontribisyon yo.
- Gouvènman an tap gen pou li konsantre tèt li sou jefò mobilizasyon lòt mwayen pou FRH la, ak kolaborasyon Sekretarya a.
- Fon an ap gen pou l kontinye fonksyone jan sa te prevwa rive jouk nan fen 2017 men sa ka rive yo rete aktivite li yo anvan dat sa a.
- Yo ap gen pou evalye rezulta Fon yo apre yo fin fè alokasyon resous ki rete yo, resous ki te bay pou pwojè rekonstriksyon yo.
- An prensip, desizyon Komite Pilotaj la ta gen pou pran avèk èd Sekretarya a men sila pap gen kapasite ankò pou l òganize epi dokimante reyinyon Komite a.

- Manyèl sou Operasyon yo ansanm ak Akò Administratif yo ak bayè yo, yo ta gen pou yo amende nan lide pou montre chanjman sila yo..

Pwen sila yo ansanm ak chwa preferansyèl yo dwe prezante pou revizyon ak apwobasyon Konsè Minis yo.

Mete sou sa, Komite Pilotaj FRH la te fè tande yon lòt fwa desizyon l pou fè yon evalyasyon final sou Fon an nan plas yon evalyasyon nan mwatye wout epitou li gen pou apwouve pwosèvèbal 11^{zyèm} reyinyon ki te fèt an Septanm 2013 la. Sekretarya a te finalize epi piblye twazyèm rapò anyèl FRH la sou peryod sòti mwa Jiyè 2012 rive Jen 2013. Li tou fè sòti Bilten enfòmasyon trimestriyèl sou aktivite FRH yo pou otòn nan.



Kay pou 2 fanmi ki bati nan Mòn Ekil – Foto Koutwazi Nasyonzini

FOKIS SOU BAYÈ YO : OSTRALI



Lostrali se uityèm pi gwo bayè FRH la epi se youn nan premye bayè yo ki te pran angajman epi transfere yon kontribisyon 10 milyon dola ostralyen nan mitan lane 2010 la (8.6 milyon dola US nan to dechanj nan moman sa a). Kontribisyon sila a te fèt san okenn preferans, sa ki te pèmèt Gouvènman peyi D Ayiti an gen pi plis fasilité pou satisfè bezwen rekonstriksyon li genyen yo.

Menm si Lostrali pat pi gwo bayè pou Ayiti, li te reyaji san pèdi tan apre soukous la, ak yon kontribisyon pou yon valè total 26.7 milyon ostralyen sou fòm èd pou gouvènman an, sekou ak rekonstriksyon, epitou ak 26 milyon dola ostralyen sou fòm don pubblik ki pase pa ONG ostralyen yo. Nan 14 milyon dola ostralyen ki prevwa pou rekonstriksyon an, 2.5 milyon te soutni pwogram *Cash for Work* PNUD tap jere a, 750 mil te patisipe nan jefò redrèzman Kominote Karibeyèn nan, 750 mil te ede kons-

twi rezèvwa pou kenbe dlo lapli, nan tèt kole ak Brezil, epi pou fini 10 milyon al kòm kontribisyon lan FRH la. Met sou sa, 2.7 milyon dola ostralyen te bay pou kore sèvis sante an Ayiti ; ladan 765 mil te bay pou kore pwodiksyon kouran ak entretyen rezo a nan lopital yo ak lòt sant sante yo nan tèt kole ak Gouvènman Kibon an; 1 milyon te al jwenn Kominote Karibeyèn nan / Ôganizasyon Entènasyonal pou Migrasyon (OIM) pou bati sistèm sanitè pou 15,000 moun menm jan tou 1 milyon te al jwenn UNICEF pou distribye dlo potab, gress Akwatab, kit dijyèn, ak lòt materyèl pou pote sekou nan batay kolera.

I. KONTÈKS

- Ayiti ap fè fas ak pwoblèm anviwònman ki grav anpil. Devlòpman ekonomi a ki fèb mete ak popilasyon an k'ap grandi, tout sa mete plis pression sou forè yo, sou tè yo ak rezèv dlo ki yo menm atòd agrave enpak katastwòf natirèl yo. Ayiti konsève mwens pase 5% forè li yo ak apeprè 10% teritwa l ki kouvri ak forè (11,00 ha) ki disparèt sòti 1990 rive 2005. Ewozyon tè a grav anpil nan peyi sa a ki chaje ak mòn, yon sitiyasyon k ap vin pi mal pandan sezon siklòn yo. Rapò lane 2004 Pwogram Nasyonzini pou Devlòpman fè sou jesyon risk ak dezas te klasse Ayiti pami peyi ki prezante plis danje sou latè, kote li ekri pandan 50 lane ki fenk pase yo, peyi a te sibi anba 40 katastwòf idwometeyowolojik, yon dezas chak de (2) lane ak yon katastwòf grav chak sis (6) lane ki pase.
- Eta lamizè nan zòn Sidès la se youn ki pi rèd nan peyi a ak popilasyon sa a ki ekspose anpil a inondasyon ak siklòn, peyizay riral la k ap degrade anpil epi debwaze menm jan tou nivo ensekirite lamanjay la k ap val teren. Chak jou pi plis, abitan yo pa rive jwenn sèvis publik ak sosyal kòmsadwa.
- Lè yo konsidere sitiyasyon sa a epi pou yo bay yon repons a soukous 2010 la ansanm ak siklòn 2012 yo, otorite ayisyèn yo te pran rezolisyon konsidere pwoblèm anviwònman peyi a nan kore kapasite yo, konesans yo ak zouti pou fè fas ak dezas yo epi chèche bese dega sou rezèv natirèl yo, sitou nan sidès peyi a.

II. KONTRIBISYON FRH NAN PWOJÈ SEKTÈ LANVIWONMAN AN

- Nan lide angajman sila a, gouvènman an te mande èd Fon pou Rebat Ayiti a pou de (2) pwojè chita sèlman nan sid peyi a : (i) **Pwogram pou Devlòpman Dirab nan Sidwès** – faz 1 (pou yon total 12.5 milyon dola ladan FRH te kontribye pou 8 milyon) ki reyalize sòti mas 2011 rive jen 2013 ak UNEP, PNUD, FAO ak UNOPS ; epi (ii) Pwogram pou **Bese Risk Dezas nan Depatman Sid la** (pou yon total 12.4 milyon dola ladan FRH kontribye pou 9 milyon) kote se Bank Entèamerikèn pou Devlòpman (BID) k ap jere l epi fè demare aktivite sa yo nan yon tan ki pa twò lwen.
- Nan reyalize aktivite sa yo ki vize pwoteksyon basen vèsan yo, plante pye bwa nan forè yo ak devlòpman lokal, entèvansyon sa yo ap chèche bese lamizè a, bese frajilite fas ak dezas epitou fè pwomosyon yon jesyon dirab resous natirèl yo.

Operasyon sa yo pote atansyon tou sou èd k ap bay pou pwoteje Pak Nasyonal Makaya a ak plizyè ti pwojè ki pral ede moun nan bouk yo jwenn travay ak plis lajan pou yo viv menm jan tou bese presyon sou resous natirèl yo.

- Kontribisyon FRH nan sektè lanviwònman an pa gwo (apreprè 17 milyon dola) men li te mobilize gouvènman an ak bayè yo sou yon menm objektif ak aktivite refòm nan sektè a, epi sitou li simen gress pou gen jefò sistematik pou ranfòse kapasite enstitisyonèl yo pou jere resous natirèl yo ki konsène tou devlòpman lokal. An plis lòt aktivite jesyon risk ak dezas ki jwenn sipò bayè yo ak FRH la, entèvansyon sa yo te ede Ayiti vin pi kapab fè fas ak katastwòf k ap parèt kò yo chak moman epi gen mwens danje ki akonpaye yo.

*Pwojè jesyon basen vèsan ki jwenn sipò nan men
FRH ede Ayiti bese danje ki sòti nan frajilite
anviwònman an epi ranfòse kapasite pou l reziste
nan ka risk ak dezas nan basen vèsan yo ki chita
nan Sidès peyi a.*

III. REZILTA PWOJÈ YO

1. Pwogram pou Devlòpman Dirab nan Sidès la te ede Gouvènman an, nan tèt kole ak ajans Nasyonzini yo epi kominote lokal yo, tabli baz pou sis (6) pwogram ki makonnen youn ak lòt epi ki dwe reyalize nan kouran pwochen faz pwojè ki rele Inityativ pou Kòt Sid la (ICS). Pwojè ICS sa a prevwa pandan 20 lane, espesyalman preparasyon ak adopsyon aktivite pwoteksyon ekosistèm lanmè ak rivaj yo (Lanmè Sid) ; pwoteksyon ak jesyon tè yo (Tè Sid) ; devlòpman wout (Wout Sid); founiti ak jesyon sekirize lenèji renouvlab (Enèji Sid) ; tourism dirab (Destinasyon Sid) ; lasante, ledikasyon ak yon alemye nan dlo ak kondisyon sanitè yo (Sosyal Sid). Kat (4) nan plan sa yo ak estrateji sou plizye lane yo (Tè, Lanmè, Wout ak Lenèji), an plis yon platfòm pou gouvènans, te sekirize finansman bò kote bayè yo (Gouvènman Nòvèj lan, Gouvènman D Ayiti an ak BID), sa ki totalize 12 milyon dola pou pwojè Inityativ pou Kòt Sid la. Met sou sa, pwojè a bay anpil rezulta rapid nan Sidès la, n ap site: pwodiksyon ak fòmasyon sou forè ak lagrikilti, modènizasyon bato lapèch tradisyonèl yo ak delimitasyon pòsyon lanmè yo ki anba pwoteksyon, modènizasyon sit kiltirèl yo ak fòmasyon nan jesyon ekosistem yo, founiti ak pwomosyon pwodui ansanm ak solisyon pou lenèji pwòp; definisyon yon kat woutye ak yon pwogram pou envestisman; reparasyon sistèm distribisyon dlo an ak pwogram èd alimantè nan lekòl yo ki asosye ak pwodiksyon agrikòl lokal; fòmasyon nan ledikasyon, lasante ak asenisman ; elatriye.

PATNÈ YO

De pwojè sa yo ki jwenn soutyen FRH, se Gouvènman ayisyen ki te lanse yo epi fè pwomosyon yo an pasan pa Ministè Lanviwònman, Ministè Lagrikilti ak Ministè Planifikasyon.

Ak soutyen epi èd enpòtan Gouvènman Nòvèj la, pwojè yo te reyalize epi jwenn yon pati lajan nan men ajans Nasyonzini yo (sitou PNUD, UNOPS, UNEP ak FAO), pou Pwojè Sidès la, epitou BID ak FME pou pwoteksyon Pak Makaya. Travay men nan men sa yo ap chèche ede Ayiti mete sou pye yon kapasite djanm pou jere katastwòf yo k ap parèt tanzantan an menm tan l ap fè fas kare ak ewozyon resous natirèl li yo epitou fè pwomosyon devlòpman lokal.

Sou yon lòt bò, Pwogram Bese Risk ak Dezas nan Depatman Sid peyi D Ayiti a te demare sa fè yon lane (Oktòb 2012), dekesman yo pokò fèt pou premye aktivite yo (ki prevwa pou Fevriye 2014). Pwojè a te rive kòmanse ak lajan ki sòti nan Fon Mondyal pou Lanviwònman (FME). Yo te anplwaye moun epi biwo a louvri nan Kanperen. Devlòpman plan jesyon pak la te kòmanse, yo prevwa fini l an Jiyè 2014. Yo te siyen kontra pou aktivite nan zòn tanpon pak la ki ap ede yo plante yon milyon pye bwa, fè fòmasyon 100 fèmye sou nouvo fason pou plante, konstwi 2000 mèt lineyè estrikti pou pwoteje basen vèsan yo epi fè edikasyon pi plis pase 5000 timoun sou lanviwònman. Pou koulye a, inite ki responsab egzekisyon pwojè a ap chèche anplwaye operatè pou lòt pwojè asosye yo (wout riral, ramzase dlo, delimitasyon fizik pak la, siveyans pak la, bati enfastrikti pou pak la).



Degradasyon anviwonman nan Sid peyi a – Foto Koutwazi Nasyonzini

¹ Sonje pwojè sa te konplete epi benefisyé de Pwogram pou Bese Risk ak Dezas nan depatman Sid la (UN/PCN/000154) PNUD ad FAO mete sou pye, soti 2011 rive 2012. Li konsantre li sou bese risk ak dezas epitou sou aktivite rebati forè.

FOKIS SOU REZILTA PWOJÈ YO

Pami diznèf (19) aktivite Gouvènman ayisyen an mande yo, gen sèt pwojè ki fini, nèf (9) ki nan kouti epi kat (4) an preparasyon. Komite Pilotaj la ki prevwa yon finansman pou kat (4) pwojè yo epi ap tann antite patnè yo ak Gouvènman an soumèt yon dokiman konplè pou yo deside ki alokasyon y ap bay. Men pwojè yo : Reyabilitasyon Liy Transmision Pelig ; Pwogram Kantin nan Lekòl yo, Pwogram Apui pou Refòm ledikasyon an Ayiti ak Pwojè Apui Bidjetè.

16 katye / 6 kan yo

- Pwojè sa a nan faz final li pou bati 19 kay pou fanmi nan Mòn Èkil ansanm ak senk kay nan Nerèt. Yo te anplwaye yon espesyalis pou travay sou kesyon tè yo.

Pwojè Rebati Kay ak Katye nan Pòtoprens

- Rive jounen jodi a, yon total 11,023 fanmi te resevwa yon kòb pou peye lwavey kay dekwa pou te kapab kite kan yo pou retounen nan kominate yo.
- 200 fanmi te benefisyè kòb lwavey a nan katye yo
- 1053 fanmi te resevwa yon bourad pou repare oswa rebati kay yo
- 904 kay te repare ak/osnon modènize
- 25,000 fanmi te benefisyè alemye nan katye yo

Bès Risk Dezasyo nan Depatman Sid

- Yo te fè delimitasyon Pak Makaya epi apwouve l.
- Yo te mete an plas yon inite pou fè jesyon Pak Nasyonal Makaya a

Enèji dirab pou Ayiti

- Yo te seleksyone sis (6) konpayi pou prezante kijan yo pral fè travay la (òf travay). Fen Fevriye 2014 se dènye tan pou resevwa òf travay yo nan men konpayi sa yo.



Pwoprietè ak benefisyè nan kay tou nèf yo, Pwojè Rekonstriksyon Kay ak Katye a finanse - Foto Koutwazi Bank Mondyal

Rekonstriksyon Sektè Ledikasyon

- 100% sit ki pral resevwa lekòl yo te identife.
- Senk (5) nan sèt (7) lekòl ki jwenn finansman nan men FRH rantre nan kontra yo te bay GRETCO a. Travo yo ap kòmanse an Fevriye 2014 nan Bwa Lorans, Laguament (Monben-Krochi), Sansousi (Milo), ak Ravin Ponpèt (Pilat). Pou koulye a negosyasyon yo ap rapousuwiv pou kontra konstriksyon de (2) lòt sit.
- 103,000 kit skolè te distribye sòti Oktòb rive Novanm 2013.
- 70,000 etidyan ap tann pou yo resevwa yon sibvansyon pou lane skolè 2013-2014.

Devlopman Pwodiksyon ak Tretman Lèt

- Travay konstriksyon lètri ak sant sèvis yo nan Kòtdefè, Tòbèk ak Tomazo preske fini. Inogirasyon an prevwa pou Janvye 2014.
- Yo fin anplwaye tout moun k ap travay nan lètri a epi bay yo fòmasyon.
- Yo te devlope epi monte yon estrateji pou fè reklam ak pano piblisite, sit wèb, mayo, elatriye, dekwa pou chofe lavant pwodukti lètri yo.
- Yo te devlope yon modèl pou facilite siyati kontra lavant yo, yo kontakte kliyan ki te ka enterese epi yo te pase kontra ak sila ki vle yo.
- Yo te achte frijidè ak konjelatè ki mache ak solèy.
- Trant (30) manm nan Komite jesyon lètri yo te jwenn fòmasyon (10 manm pou chak lètri)
- Yo te distribye aparèy pou trè bèt yo bay pwodiktè manm nan Gwoup lètri yo.

Plan prevansyon tranblemandtè lan Nò

- 31 enjenyè ki sot nan sektè publik ak prive te jwenn fòmasyon sou evalyasyon sismik kay ak konstriksyon.



1. Kontribisyon yo

Depi dènye trimès la, pa gen okenn chanjman nan kontribisyon bayè yo. Ositou, angajman kontribisyon donatè yo rive wotè **396.05 milyon** dola ak valè kimile yo te resevwa nan men bayè yo monte **381.05 milyon** dola. Pwomèz kontribisyon yo panko resevwa yo totalize 15 milyon dola, yo konsène peyi Etazini (**15 milyon**) ak Lespay (**10 milyon**).

2. Alokasyon Fon yo

Depi dènye rankont Komite Pilotaj la nan dat 13 Septanm 2013, okenn lòt alokasyon pa t fèt. Konsa, valè total yo apwouve a rete a **296 milyon** dola ki gen ladan : (i) finansman pwojè yo pou yon montan total **291.3 milyon** sa vle di 77% fon FRH yo (ki gen ladan frè jesyon pwojè pou 9.5 milyon) ak (ii) depans administratif pou yon total 4.7 milyon sa vle di 1% total tout resous yo. Resous ki rete yo (86.6 milyon dola oswa 23%) te rezèvè pou fè alokasyon pou demen.


Lajan yo bay pou aktivite rekonstriksyon yo (291.3 milyon dola) te transfere bay Antite Patnè yo nan mannyè sila a : 127.6 milyon bay Nasyonzini Unies (UN) ki reprezante 44% nan finansman total yo te apwouve a ,115 milyon bay Bank Mondyal (BM) oswa 39% nan total alokasyon apwouve ak 48.7 milyon bay Bank Entèamerikèn pou Devlòpman (BID) oswa 17% nan fon yo bay pou aktivite yo.

Bidjè administratif kimile Fon a gen ladan depans pou operasyon Sekretarya ak Fidisye FRH la, totalize **4.5 milyon** dola ak yon montan an plis 0.2 milyon ki prevwa pou revizyon final oubyen nan mwatye wout FRH la.

Kijan Fon FRH yo itilize

(fin Desam.2013)

Nan "fon disponib" yo nou jwenn rezèvè finansye yo ki se 86.08 milyon dola US




Globalman, sa ki rete nan resous FRH yo, nan dat 31 desam 2013, rive yon valè **86.6 milyon** dola (381.05 milyon resèt kimile + 1.6 milyon enterè lajan an rapòte -296 milyon alokasyon final yo apwouve). Nan valè lajan sa a, Komite Pilotaj la te rezèvè **86 milyon** pou fè alokasyon pou demen, li kite apeprè 0.7 milyon resous yo san okenn angajman sou yo

3. Dekesman

Nan fen lane 2013, dekesman FRH fè bay Antite Patnè yo te totalize **273 milyon** dola an plis 4.5 milyon yo te transfere bay Sekretarya FRH la ak Fidisye a pou kouvri depans administrasyon yo, sa ki vin kite yon relika 105.2 milyon Fidisye a kenbe nan men l. Valè lajan sa a gen ladan Fon rezèv (86 milyon), resous yo panko bay (0.7 milyon), ak relika dekesman yo pou pwojè Komite Pilotaj FRH la deja apwouve (18.5 milyon).

Nan fen lane 2013, Antite Patnè yo te dekese 181.7 milyon dola pou aktivite pwojè pa yo, sa vle di plis pase 62% fon transfere bay pwojè yo. Pou Antite Patnè yo, men to dekesman pou yon chak apa : 86% pou Nasyonzini, 54% pou Bank Mondyal ak 20% pou BID.

ALOKASYON AK DEKESMAN PATNÈ Yo (an milyon de US\$)



Lètri nan Tòbek – Foto koutwazi Nasyonzini

Pandan twazyèm lane li, vin gen anpil chanjman nan Sekretarya FRH la. Yo te anplwaye twa moun tou nèf nan pòs chaje prensipal operasyon yo, nan pòs espesyalis nan komunikasyon ak nan pòs asistan pou ekip la pou ranplase manm ekip ki te la anvan an e ki an tranzisyon nan novo pòs nan Bank Mondyal. Pèsonèl la ki toujou vle reyalize objektif FRH yo epi kontribye nan pwoesis rekonstriksyon peyi D Ayiti a, prezante tèt li konsa:



Joe Leitmann, sitwayen Ameriken, se Administratè prensipal FRH la, li responsab tout kesyon ki konsène Sekretarya Fon an. Li gen 30 lane deksperryans nan devlòpman entènasyonal avèk Bank Mondyal, nan U.S. Peace Corps epi kòm Konsiltan nan rekonstriksyon, chanjman climatik, lanviwònman, forè, devlòpman vil yo, enèji pwòp, teknoloji awpripsiye ak lagrikilti. Joe gen yon Doktora nan Planifikasyon vil yo nan men Inivèsite Californie - Berkley ak yon Mastè nan Politik Piblik nan men Harvard Kennedy School.



Mamadou Lamarane Dème, sitwayen Senegalè, se novo Chaje Prensipal Operasyon FRH yo kote li responsab pou kore tout aktivite Sekretarya a epi fè preparasyon reyinyon Komite Pilotaj la, rapò FRH yo epi ranplase jesyonè a lè li pa la. Li gen plis pase 30 lane deksperryans nan finans piblik ak jesyon pwojè avèk Bank Mondyal nan peyi Lafrik ak Lamerik Latin. Mamadou gen yon Mastè nan Administrasyon biznis ak Jesyon Finans Piblik li pran nan men de Inivèsite Dakar ak yon Mastè nan Jesyon Transpò Ayeryen nan École de Commerce de Toulouse nan peyi Lafrans.



Bertrovna Bourdeau Grimard, sitwayen Ayisyèn, se novo Chaje komunikasyon FRH la ki responsab tout komunikasyon ki konsène Fon an, kòdinasyon ak patnè yo epi relasyon ak laprès. Bertrovna te travay an Ayiti nan pòs direktè Maketing pou ONG PSI-Ayiti, konpayi Comme Il Faut epi Comcel-Voilà, epitou kòm konsiltan nan sektè prive an nan domèn Publisite, Kominikasyon ak Relasyon Piblik. Li gen yon MBA nan men Inivèsite Miami nan Florid.



Marthe Agnès Pierre, sitwayen Ayisyèn, se nouvo Asistan Administratif FRH la ki gen pou responsabilite ede Sekretarya nan tout travay administratif yo. Li gen 5 lane deksperryans ladan 3 lane nan depatman Resous Imèn yo nan OIM. Li te travay tou nan IMEDIS, yon konpayi lokal. Li gen yon diplòm Sekretarya nan Christ the King Secretarial School nan peyi D Ayiti.



Jean Yves St-Dic, sitwayen Ayisyen, se Lojistisyen FRH ki responsab transpò ak teknoloji enfòmasyon. Li gen de lane deksperryans avèk Bank Mondyal. Li te travay tou nan Sourire Rent-a-Car ak Aproco. Jean Yves gen yon sètifica nan Syans Enfòmatik nan men INUQUA, yon inivèsite prive nan peyi D Ayiti.

MEN KÈK ENFÒMASYON SOU FRH

FRH se yon patenarya ant kominate entènasyonal la ak Gouvènman aysyen an pou finanse rekonstriksyon an apre tramblemandtè a.

FRH mobilize, kòdone epi bay kontribisyon bayè bilateral yo ak lòt pou finanse pwojè ak pwogram ki priorité anpil, ansanm ak apui bidjetè. Men ki avantaj apwòch milti-bayè sa a pote :

- Fasilite pi plis amonizasyon nan met ansanm resous plizyè bayè pote pou ede priorite Gouvènman peyi D Ayiti an genyen pou rekonstriksyon an;
- Met aksan sou avantaj konparatif patnè lokal ak entènasyonal tout moun konnen nan aktivite yo ap mennen sou teren an;
- Bese depans tranzaksyon pou Gouvènman an ak bayè yo poutèt y ap travay ak yon sèl estrikti finansman;
- Evite aksyon k ap fè menm bagay la ak jefò yo mete pou fè yo ;
- Ede jwenn repons pou satisfè bezwen finansman estratejik nan pwosesis rekonstriksyon an jan Gouvènman peyi D Ayiti defini sa.

FRH se yon gwo sous finansman non pwogramme pou rekonstriksyon an.

Lan dat 30 septanm 2013, diznèf bayè te pran angajman pou bay Fon an 396 milyon dola ameriken. Lajan sa a pat pwogramme e yo kapab sèvi avè l lan yon sans oubyen yon lòt pou reponn a bezwen estratejik pou rekonstriksyon an gouvènman an genyen.

Se Gouvènman peyi D Ayiti ki ala tèt FRH e se li fikse priorite pou li.

Se Minis Finans lan ki prezide Komite Pilotaj FRH la. Tout aktivite rekonstriksyon yo FRH ap finanse dwe prezante douvan antite Gouvènman Aysiyen an chwazi kòm Fasafas FRH la, e yo dwe jwenn apwobasyon nan men li.

Se FRH ki ofri pi gwo finansman pou sektè priorité nan rebati Ayiti tankou kay, leve dekonb jesyon risk dezas yo epi apui bidjetè.

FRH se yon mekanism efikaz san anpil lajan ki la pou finansman rekonstriksyon an.

Mwens pase 5% resous ki anganje yo sèvi pou kouvri depans administratif Sekretarya FRH la, Fidisye a ak Antite Patnè yo. FRH kapab bay apwobasyon rapid pou finanse ti pwojè yo rive jouk 1 milyon dola ameriken nan yon semèn ak valè lajan ki pi wo yo nan de semèn, apre li fin resevwa demand Fasafas Gouvènman an nan FRH.

FRH se yon patnè ki la pou yon tan ki long pou rebati Ayiti.

FRH ap kontinye ede pwosesis la pou rebati Ayiti rive jouk mwa desanm 2017.

SEKRETARYA FRH

Ministè Planifikasyon ak Koperasyon Ekstèn

387, wout Boudon, Pòtoprens, Ayiti

Tel : (509) 3798-0817

www.haitireconstructionfund.org

Pou tout kòmantè sou pwojè FRH finanse yo, voye yon mesaj tèks gratis bay 3747



Etats-Unis



Brésil



Canada



Norvège



France



Japon



Espagne



Australie



Nigéria



Oman



Colombie



Suède



Thaïlande



Banque Mondiale



Finlande



Irlande



Chypre



Lettonie



Estonie